



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 2
March 3–7, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **4**

3–7 mas 2008

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

31

Mwa pase, 7.284 moun te vizite zou vil a. Mwa sa a, genyen 5.647 ki vizite zou a. Konbyen moun anplis ki vizite zou a mwa pase a pase mwa sa a?

Montre travay ou.

Repons _____ moun

32

Yon izin kapab fè 96 balon foutbòl nan 1 èdtan. Ki kantite total balon foutbòl izin lan kapab fè nan 8 èdtan?

Montre travay ou.

Repons _____ balon foutbòl

Kontinye

33

Juanita genyen \$3,00 pou li depanse nan manje nan kèms konte a. Yo montre pri pou fridòdòy nan esnakba ki nan kèms la nan meni ki anba a.

MENI ESNAKBA A

Pòpkòn.....	\$0,75
Òtdòg.....	\$2,25
Krèm.....	\$1,25
Limonad.....	\$0,60
Pòm detè fri.....	\$2,50

Ekri twa fridòdòy diferan Juanita kapab achte ki koute mwens pase \$3,00.

Si Juanita achte twa fridòdòy, ki kantite lajan l ap genyen ki rete?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

34

Michael achte yon kòd pou chen li. Kòd la mezire 4 pye 6 pous nan longè.
Ki longè kòd la an **pous**?


Montre travay ou.

Repons _____ pous

Kontinye

35

Tony te trase chema planche salon li an, jan yo montre sa anba a.



Pati A

Ki perimèt salon an, an inite?

Montre travay ou.

Repons _____ inite

Pati B

Ki sipèfisi salon an, an inite kare?

Repons _____ inite kare

36

Ana ekri yon total 45 mo òtograf sou 8 kat vyèj. Sou chak 7 premye kat yo li ekri 6 mo. Konbyen mo Ana ekri sou dènye kat la?

Montre travay ou.

Repons _____ mo

Kontinye

37

Madmwazèl Hill separe yon gwoup 63 elèv an 7 ekip egal. Li ekri fraz matematik ki anba a pou li jwenn kantite elèv pou li mete nan chak ekip.

$$63 \div 7 = ?$$

Konbyen elèv Madmwazèl Hill mete nan chak ekip?

Repons _____ elèv

Konplete fraz matematik anba a ki kapab itilize pou verifye si repons ou kòrèk.

Fraz matematik _____ = 63

38

Elena ap sere lajan pou achte yon bisiklèt nèf. Papa Elena bay li yon sèten kantite lajan pou chak dola li sere. Tablo anba a montre kouman Elena sere lajan ak kantite lajan papa li bay li.

LAJAN POU BISIKLÈT NÈF ELENA A

Elena	Papa
\$2	\$6
\$3	\$9
\$4	\$12
\$5	\$15

Pati A

Si modèl ki nan tablo a kontinye, konbyen lajan papa Elena ap bay Elena lè li sere \$7?

Repons \$ _____

Pati B

Sou liy anba yo, eksplike règ pou jwenn kantite dola papa Elena bay li.

Kontinye

39

Damon, Ruth, ak Carrie te vann tikè pou konsè lekòl yo. Tablo anba a montre kantite tikè chak elèv te vann sou twa jou.

VANT TIKÈ POU KONSÈ A

Elèv	Kantite Tikè		
	Lendi	Madi	Mèkredi
Damon	10	3	5
Ruth	5	2	4
Carrie	7	5	2

Pati A

Sou liy anba yo, ekri kantite total tikè chak elèv te vann sou twa jou.

Damon _____ tikè

Ruth _____ tikè


Carrie _____ tikè

Pati B

Sou kadriyaj ki anba a, trase yon istogram ki montre kantite total tikè chak elèv vann.

Asire ou

- mete tit nan graf la
- mete lejann sou toulède aks yo
- bay yon echèl pou graf la
- sèvi ak tout enfòmasyon yo nan graf la



RETE LA

Place Student Label Here



Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 2
3–7 mas 2008

Grade 4
Mathematics Test
Book 2
March 3–7, 2008

The McGraw-Hill Companies
